# СОЦИАЛЛЫҚ ПЕДАГОГИКА

## СТУДЕНТ ЖАСЛАРДА РУЎХЫЙ ДҮНЬЯҚАРАСТЫ РАЎАЖЛАНДЫРЫЎ

**Абдимуратова Н.П.**
*Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** ахлоқ, маданият, нафосат, психология, миллий қадрият, хулқ-атвор, комил инсон, шахс.
**Ключевые слова:** нравственность, эстетика, национальные ценности, воспитание, личность, деятельность, самопознание, ценностная ориентация,
**Key words:** morality, esthetics, national value, education, a person, activity, self-conscious, valuable orientation.

**РЕЗЮМЕ:**
Мақолада талабаларни маънавий ва ахлоқий тарбиялашнинг моҳияти ҳақида сўз бўлиб, инсонни ижтимоий қадрият сифатида ўрганиш, аждодларимиз меросини бойитиш ва ривожлантириш йўллари тадқиқ қилинади.
**РЕЗЮМЕ:**
В статье рассматриваются нравственное и эстетическое воспитание личности, изучение личности как социальной ценности, обогащение и развитие нравственного наследия предков.
**SUMMARY:**
The article deals the esthetic and moral education of a person, the study of a person as the social wealth, developing and enlarging moral value of ancestors.

Шағыстың уллы данышпан ойшыллары: Абу Наср Фарабий, Абу Райхан Беруний, Абу Алий ибн-Сино, Кайкаўыс, Алишер Наўайы, Мақтумқулы, Абай, Бердақ, Әжинияз шығармаларында жаслардың ҳүжданлы, әдепли, билимли болып камал табыўлары ушын тәлим-тәрбия кең орын ийелеп, бунда жаслардың өзине тән психологиялық ҳәм жас өзгешеликлери үлкен әҳмийетке ийе екенлигин көремиз [2].

Студент өзине тән сыпатқа ийе болған, ерк-исеними күшли, ой-түсиниги кең, мәдениятлы қарым-қатнас ийеси. Устаз - өз хызмети барысында тийкарғы объекти болған студентти билиўи, ҳәр күн сайын физикалық, психологиялық жақтан өсип баратырған өзине теңлес бул инсан менен

әлбетте, жоқары мәдениятлы қарым-қатнаста болыўы миннетли ҳәм әҳмийетли.

Студентлик дәўир - миллион-миллион жаслар турмысындағы ең мазмунлы, ең умытылмас дәўир. Бул жыллар даўамында жаслар идеялық жақтан шынығып, ел перзенти болып қәлиплеседи. Шебер алым-педагоглар басшылығында кешеги мектеп оқыўшылары бүгинге келип жоқары оқыў орны қушағында бир неше жыллық оқыўы даўамында илим-техника раўажланыўының ең соңғы жетискенликлери менен танысады, өзлери ушын илим шыңларына қарай, келешегине умтылып айдын жол ашады. Әлбетте, инсан камалатқа жетисип барар екен, оның ой-пикири, дүнья қарасы, қарым-қатнасы өзин қоршаған орталық ҳәм жәмийетлик мүнәсибетлер менен тығыз байланыста толығып барады.

Руўхый мәдениятты, раўажланыўдың интеллектуал байлықларын меңгерип алыў ҳәм буларды жаслардың ақыл-санасына сиңдирип барыў жаңаланып баратырған турмыстың әдеп-икрамлық, идеялық тийкары болып есапланады. «Өзбекстан Республикасында мәмлекетлик жаслар сиясатының тийкарлары ҳаққында» Нызам демократиялық базар қатнасықларына, жәмийетлик өзгерислерге ҳәмде өзин-өзи раўажландырыўға, ҳуқуқ ҳәм миннетлердиң бирлигин, еркинлик ҳәм пуқаралық жуўапкершиликти түсиниўге пидайылық руўхында болыў, дәўир талапларына жуўап беретуғын жаңа психологиялық пазыйлетлерди ийелеў ҳәм раўажландырыўдың илимий тийкарларына бағдарланған ҳалда ислеп шығылды

Бул бағдар жаслардың жәмийетлик-психологиялық келбетин, жәмийетлик миннет оқыў, билим алыў, кәсип ийелеў ҳаққындағы түсиниклерин түптен өзгертип, жас әўладтың саламат өсип ер жетиўине ҳәр қашанғыдан да, ҳәмме нәрседен де жоқары дәрежеде әҳмийет берилгенлигин көрсетеди. Заманагөй шараят жасларымыздың еркин пикирлеўине, ойлаў шеңбериниң кеңейиўине, илимге болған қызығыўшылығының күшейиўине, жүрегинде ана-Ўатанға, халқына деген меҳир муҳаббаттың беккемлениўине жаңа психологиялық көз-қарастан кең жол ашып бермекте[1].

Өмирге жаңа әўладлардың кирип келиўи менен олардың саламат, баркамал қәлиплесиўине тәбийий түрде өз дәўириниң тәлим тәрбиясы жетекшилик етеди. Бизлер жасап атырған жәмийетимиздиң келешекте қандай болыўы, буннанда жоқары басқышқа көтерилиўи бүгинги жаслардың тәлим-тәрбиясына ҳәм оларға илим-билим сырларын берип атырған педагог-оқытыўшылардың кәсиплик қәбийлетине, методикалық шеберлигине көп жағынан байланыслы. Өтмиши уллы халықтың әўладлары болғанымыз ушында бизлерге ҳәмме ўақыт ҳәр қандай қыйыншылықтан

шығыўда, жетискенликке ерисиўде устазлардан мийрас қалған қәлбимиздеги руўхый дүнья, устаз-шәкирт дәстүрлери өмир-бахый күшке ийе.

Устаз сақый, әдепли, меҳрибан, ашық жүзли, шийрин сөзли, сабырлы, шыдамлы, талапшаң, туўры сөзли пазыйлетери менен шәкиртлерине үлги болыўы керек. Устаздың ең жақсы кәсиплик пазыйлетлеринен бири шәкирт таярлап шығарыў. Устаз өзинен кейин билимли, қәбилетли шәкирт қалдырмаса, оның өмири, еткен мийнетлери бийкар кеткен дейиледи. Устаз қаншама уллы болмасын, тарийхта белгили из қалдырмасын, өз билимин, өнерин кейинги әўладқа қалдырмаса, оның ислерин даўам еттиретуғын адам болмайды[3].

Уллы бабамыз Әмир Темурдың өз устазы Сайд Баракаға болған ибратлы мүнәсибети, Алишер Наўайының устазлары Лутфий менен Жәмийге болған меҳир-муҳаббаты ҳәмме ўақыт жас әўладлардың үлги аларлық умтылыўларын ақлайды.

Қыйыншылықларды жеңип шығыў, жаңалыққа умтылыў, ертеңги күнге исеним жаслар психологиясына тән қубылыс. Себеби, ата-ана, устаз олардың ҳәмме ўақыт, ҳәмме жерде сүйениши, көз алдындағы биринши таянышы есапланып, усы арқалы олар жоқары оқыў орнында да өзлери таңлаған кәсиплерине меҳир қойып,үйренип, билим алып келешекке умтылып жасайды. Жалынлы жаслықтың бул басқышында жасларда илимий, әмелий көнликпелер, сиясий, мәдений дүнья қарас, адамлар менен әдеп-икрамлы қарым-қатнас психологиясы қәлиплеседи, руўхый дүньясы байып барады. Соның менен бирге, күнделикли өмиринде қыйыншылық, турмыслық қарым- қатнасларында тосқынлықтың да дус келиўи тәбиғый. Жаслардың студентлик дәўиринде күнделик турмысына ең жоқары әдеп-икрамлылық қағыйдаларын сиңдиретуғын, жәмийет талапларына муўапық ҳалда ис алып барылыўын тәмийинлейтуғын, сиясий-идеялық жақтан шынықтыратуғын, ҳуқуқый қорғаўшысы, жақын кеңесгөйи - өз Устазы болып табылады[4].

Устаз-шәкирттиң ең жоқары мақсет ҳәм идеяға умтылыўшы қарым-қатнас ийеси сыпатында, өз шәкиртлери алдында өзиниң ҳәр қандай ўақыяға мүнәсибети, дүньяқарасы, билими, ибрат алатын үлгили тәреплери менен ҳәр бир жигит-қыздың меҳрибан, ҳәммеден жақын, сақый, әдалатлы қорғаўшысы, жәнеде, тоқтаўсыз руўхый дүньясына, көз-қарасына тәрбиялық тәсир етип отырыўы, оның ҳәммеден айырылып туратуғын жоқары моралллик тәреплери болып есапланады. Бул көринислер студентлерде талапшаңлық, өз-өзине жуўапкершилик сезимлерин пайда етип, ана-Ўатанымыз мәпи ушын хызмет етиў туйғысын күшейтеди. Студеттиң

басқа оқытыўшылардан көре өз устазы менен болған гүрриң, пикир алысыўлары, өзиндеги тәртип-интизамды күшейтиўге, ҳәр нәрсеге ашық, итибарлы мүнәсибетте болыўға, ойшаң қарым-қатнас жасаўға көбирек ийтермелейди ҳәм орынланыўын тәмийинлейди.

Жоқары оқыў орнында студенттиң әдеп-икрамлылық ой-туйғысы, руўхый кеширмеси көбирек өз устазының кеңеси, көрсетпеси, мүнәсибети, характери, ҳәрекетлери тәсири менен байланыслы болып, булар олардағы жақсы яки жаман сыпатлардың пайда болыўынада тәсир жасап отырады. Мысалы,1-курс студентинде еле мектептеги көз-қарас, қарым-қатнас, жоқары оқыў орны орталығына сәйкес емес психологияның басымлығы үстин болса, 2-3 курсларындағы баслы мақсет оқыў, өзиндеги бар жеке қәбийлетти жүзеге шығарыў; абырой арттырып барыў; оқыў орны, ата-ана,өз жақынлары алдында хошеметке ерисиў, миннети ҳәм ҳуқуқын аңлаў, ал питкериўши курсқа келгенинде руўхый ой-туйғылардың үстемлиги, садық досқа ийе болып өмир сүриўге таярлық, өз қәнийгеликлери бойынша алған илимий билимлерин әмелий жақтан қолланыў, мине, усындай жаслық сынаўларына дуўшар болған студентке төрт жыл даўамында меҳрибанлық ететуғын, руўхый дүнья қарасында өзине ҳәммеден жақын устазы. Усындай тәсиршең, өмирдиң ең әҳмийетли басқышында студенттиң руўхый дүньясында, көз-қарасында «бизиң устаз» болып басқалардан өзгеше, бир өмир мөҳирленип қалыўыда ҳәр бир жигит-қыздың жәмийетте мүнәсип инсан болыўына тымсал болғанлығы болса керек[3].

Еркин ҳәм азат Ўатанымыз перзентлерин келешеги абадан жәмийет қурыў жолында олардың билим тәрбиясын жетилистириў, ҳәр қандай жат иллетлерден сақлаў бүгинги күнде әҳмийетли машқалага айланып, бул жолда мәрийпетли, зыялы-устазлардың тәлим-тәрбиялық хызметиниң жоқары дәрежеде екенлиги баслы мәселе болып қалмақта. Данышпанлар айтады: «Тәрбияшы-устаз болыў ушын алдын басқалардың ақыл-ойын өстириў, илим-билим булағынан қандырыў, шын мәнистеги пуқара етип жетистириў ушын ең алдын, тәрбияшының өзи усындай талапларға жуўап бериўи, жоқары адамгершилик пазыйлетлерге ийе болыўы керек» - деген еди.

Қайсы дәўирде болмасын педагог, бул жаңа жәмийет өтетуғын, билим-тәрбия, устаз-шәкиртлик дәстүрлерин үлкен әўладтан жаңа әўладқа избе-из, турақлылық ҳәм жуўапкершилик пенен жеткерип, даўам еттирип отыратуғын ҳәр бир жаңа әўлад келешегиниң жол басшысы болып саналады. Ҳәзирги заманның ең өткир, жуўапкерли ҳәм кең билимлерге

ийе болған жоқары оқыў орны педагог-алымлары барлық әжайып пазыйлетлерге ийе болыўы, жоқары адамгершилик көз-қарастан турып студент жаслардың хәр тәреплеме камал табыўына, миллетлер аралық туўысқанлық қарым-қатнас руўхында тәрбияланыўына, сиясий хәм ҳуқуқый жақтан ҳеш кимнен кем болмаўына, саламат әўлад болып жетилисип, ел мақтанышы болыўына хәм миннетли, хәм жуўапкер екенин жақсы сезинеди. Уллы данышпан Сократтың: «Жаслар мийўе ағашына усайды, қәйтип ексең солай көгереди, мениң ақыл-кеңесимди кеўиллерине тасқа басылған мөр сыяқлы қабыл етеди, сонлықтан мен олардың тәрбиясына көбирек кеўил беремен»-деген терең ойлы пикирлери бүгинги күниде, жаңа мәнисте, жаңа мазмунда турмыста тастыйықланыўын таппақта[2].

Ҳәр күни, ҳәмме ўақыт студент жаслардың жәмийетлик орталықта жеке сыпатын, руўхый саламатлығын, физикалық күш-қуўаты хәм кең дүнья қарасын раўажландырыў хәм беккемлеў устаз-педагогтың тәрбиялық жумысының баслы бағдары, билимлендириўдиң үзликсиз даўамы болып турады.

**Әдебиятлар:**


1. Қосназаров К., Пазылов А., Тилегенов А. Педагогика. Сабақлық.  Нөкис. 2009.
2.Абдимуратов П.С.Ўзбекистонда таълим-тарбиянинг миллий-маънавий асослари. Н. “Qaraqalpaqstan”. 2016.
3.Азизходжаева Н.Н. Ўқитувчи мутахассислигига тайёрлаш технологияси –Т., 2000.
4.Абдимуратов П.С.Муғаллим келешек тәрбияшысы. Н.2023.